# Vaksen KOVID-19 gratis pou travayè agrikòl ak fanmi yo

**Haitian Creole**



Pwoteje tèt ou ak moun ou renmen yo kont KOVID-19!
Vaksen kont KOVID-19 ki pi resan ka anpeche ou menm ak fanmi w malad, ale lopital, rate jounen travay, oswa KOVID rete nan sistèm ou pou yon bon ti tan (sa ka ba ou pwoblèm sante ki ka dire yon mwa oswa lane).

Vaksen kont KOVID-19 yo GRATIS pou tout granmoun ak timoun, kèlkeswa estati imigrasyon yo genyen. Pwogram Bridge Access la rann vaksen KOVID-19 gratis pou granmoun, epi Pwogram Vaksen pou Timoun (Vaccines for Children) rann li gratis pou timoun yo.

| Pwogram Vaksen Kovid-19 ki gratis | Bridge Access Pwogram | Pwogram Vaksen pou Timoun |
|---|---|---|
| Ki moun ki ka jwenn vaksen Kovid-19 san yo pa peye anyen pou li?  | Granmoun ki genyen plis pase 18 lane ki:<br>• Pa genyen asirans sante<br>• Asirans sante yo pa finn kouvri tout pri vaksen Kovid-19<br><br>*Remak: Pwogram sa ap disponib jiska 31 Dawout 2024. | Timoun ki gen 18 lane oswa ki pi piti ki:<br>• Pa genyen asirans sante<br>• Ki ka aplike pou Medicaid<br>• Asirans sante yo pa finkouvri tout pri vaksen Kovid-19<br> |
| Ki kote ou kapab jwen vaksen Kovid-19 san ou pa peye anyen pou li? | Sant sante, famasi,<br>ak depatman sante<br><br>* Remak: Se pa tout kote ki genyen vaksen sa yo, disponibilite yo ka varye chak kote. Tanpri pa bilye rele anvan ou deplase pou ale pran vaksen | Sant sante,<br>klinik pou timoun (klinik pedyatrik),<br>ak depatman sante |
| Kòman ou ka pran yon randevou?  | Pou jwenn sant sante ki ofri vaksen KOVID-19 la gratis ki pi pre w la, kontakte liy asistans Call for Health (Rele pou Sante) nan +1 (800)377-9968 on pa le WhatsApp are le +1 (737)414-5121. | |

**Pwogram sa yo la pou ede ou menm ak fanmi ou rete djanm ak an sante!**

NCFH
National Center for Farmworker Health, Inc.